

Sousekretèri edikasyon

Ord. No 02 _____000894

ANT .odine No 07 / 1008 (1531) 04.08.2005 ministè edikasyon an ki bay enstriksyon sou antre, rete, ak egzèsis dwa etidyan migran yo nan etablisman lekòl ki gen rekonesans ofisyel, epi enstriktif prezidansyel No 5 06.11.2015: direktiv ak enstriksyon pou politik migratwa nasyonal la.

MAT. Aktyalize enstriksyon sou antre, rete, ak egzèsis dwa etidyan migran yo nan etablisman lekòl ki gen rekonesans ofisyel-

ADJ :dokiman antecedan an

De :VALENTINA KARINA QUIROGA GANAHUATE

SOUSEKRETÈ EDIKASYON

A : SEKRETE REJIONAL MINISTE EDIKASYON AN

CHEF DEPATMAN PWOVENS EDIKASYON YO

Selon ofis odinè No 07 /1008 (1531) ane 2005 ministè edikasyon, yo bay enstriksyon a tout sekretè regional ministè edikasyon an, tout chef departman pwovens edikasyon yo, tout asesè jiridik rojional yo, chef departman edikasyon minisipal yo (DAEM) ak korporasyon minisipal yo ansanm ak tout direktè etablisman lekòl

yo, sou kesyon antre, rete ak egzesis dwa etidyan migran yo nan etablisman lekòl ki gen rekonesans ofisyèl yo, dapre politik migratwa ki an kou nan moman an.

Après sa pandan ane 2015 lan yo te elabore epi distribye enstriktif prezidansyèl No 5 ki te etabli direktiv ak enstriksyon pou politik migratwa nasyonal la, ladanl yo dispoze konsènan popilasyon migran an ke aksyon leta a dwe aplike tout estanda dwa zimen ki nan enstriman entanasyonal ke peyi CHILI ratifye, espesyalman nan twazyèm enstriksyon an yo bay ministè edikasyon an manda pou li veye ke aksè, rete e pwogrè pakou edikatif timoun fanmiy migran yo garanti nan menm kondisyon nenpot nasyonalite, origi-n ou bien nenpot jan sityasyon migratwa yo ye.

Pou tout sa nou mansyone avan yo, li nesèsè pou aktyalize enstriksyon ke ofis odinè No 07 / 1008 (1531) ane 2005 bay yo nan sans sa :

I .konsènan pwosesis enkoporasyon nan sistèm lekòl la. Ministè edikasyon an a travè biwo atansyon sitwayen yo AYUDA MINEDUC ki nan tout peyi a ap bay, a pati de janvyè 2017 la a tout etidyan migran ki pa gen kanè chilyen, yon idantifikasyon pwovizwa eskolè (IPE). Idantifikasyon sa ranplase nan denominasyon li nimewo pwovizwa aktyèl sou 100 milyon ke yo bay lè etablisman an antre timoun nan SIGE. Idantifikasyon Pwozwa Eskolè sa se yon nimewo inik sa vle di si timoun nan ta

vi-n chanje lekòl oubyen chanje vil lap toujou gen menm nimewo a jiskaske sityasyon migratwa li arrange. Aprè sa etablisman lekòl la ap antre IPE ke MINEDUC bay timoun nan fich dosye li nan SIGE, nan menm fich doyou sa tou yap mete enfòmasyon konsenan dokiman idantite peyi d'origi-n li (paspò dokiman nasyonal didantite ou byen lot)

Dokiman didantifikasyon pa dwe yon anpechman pou timoun yo anrejistre nan SIGE ni nan liv klas yo. Selman Idantifikasyon Pwovizwa Eskolè (IPE) a sifi pou sa.

Konsenan ka yo kote yo te bay timoun nan plis ke yon nimewo IPE (nimewo pwovizwa avan sou 100 milyon) akòz li te pase plizyè lekòl, Inite Nasyonal de Rejis Pwogram etid ak Rejis Pwogram Etid regional yo ap kapab arrange nan rejis akademik ki la yo pandan yo ap konsidere nan tout idantifikasyon sa yo dènye IPE yo te bay timoun nan. Eksepte pou ka ki pi konpleks yo yo ka mande entevansyon Kòordinasyon Nasyonal de Teknoloji.

II . Konsènan enskripsyon

a. Enskripsyon pwovizwa a yo bay li pou klas timoun nan ap antre a yap konsidere dokimantasyon lekòl ou byen laj li, pandan yo ap realize pwosesis rekonesans etid yo ou byen validasyon kap pemet yo setifye dènye klas li te apwouve a. Yon fwa dènye sa yo

fin fet, enskripsyon an ap definitif menm si etidyan pako gen kat idantite chilyen oubyen pou etranje.

b. konsènan rekonesans etid yo (konvalidasyon), sa ap ka fet selman si etid yo te fet nan yon peyi ki gen akò rekonesans etid edikasyon prime ak segondè epi ki konfom ak sa ki ekri nan atik 5e dekrè egzant No 2.272 ane 2007 ministè edikasyon an ki apwouve pwosedi pou rekonesans etid anseyman primè ak segondè, Himanistik-Syantifik, teknik pwofesyonel, mod edikasyon granmoun yo epi edikasyon espesyal.

C. Si timoun yo pa gen dokiman eskolè ou byen si dokiman an pa legalize, etablisman lekòl la ap realize pwosesis validasyon etid pou edikasyon primè ak segondè, rezon kap pemet yo examine nan yon period ki pa pi plis ke twa mwa, tout timoun ki antre nan lekòl la.

Pwosesis validasyon etid yo dwe jwenn api ekip pwofesè yo pou si gen etidyan ki ta mande preparasyon pou yo ka pase examen yo ak siksè epi kontinye nan klas yo te enskri a.

- i. Timoun ki te antre nan klas jiska 6èm ane dwe bay yon examen ki konsidere objektif apwantisaj klas avan yo epi ak rezilta yo jwenn yo, y ap elabore yon dosye ansanm ak tout lot kalifikasyon li te genyen nan klas ki avan sa li enskri ladan li a.

- ii. Nan klas 7e ak 8e ane edikasyon primè ak edikasyon segondè, egzamen an ap fet pa klas epi nan dosye yo yap konsidere kalifikasyon yo pou chak klas ki konsidere nan pwosesis validasyon an.
- iii. Konsènan kontni evalyasyon yo, yo kapab pa antre anndan egzamen sa yo kontni ki se pwopyete moun ki realize etid nan peyi Chili.
- iv. Nan ka timoun minè ki pa pale espanyol yo, pwosesis validasyon an ap fet nan dènye period ane lekòl la, epi etablisman an ap pwan mezi nesesè pou yo domine lang nan nan nivo debaz.

III .Konsènan sètifikasyon

- A. Nimewo idantifikasyon ki valid pou realize pwosesis la se Idantifikasyon Pwovizwa Escolè a, nimewo sa ap anrejistre nan tout dosye yo pou timoun yo ka gen yon rejis de kalifikasyon nan SIGE.
- B. Pandan yap ranje sityasyon migratwa, etablisman ak MINEDUC dwe sètifye klas ke timoun nan apwouve yo ak nimewo dokiman idantite peyi dorigi-n li(paspò, dokiman nasyonal idantite) nan ka li pa gen dokiman sa yo, yo ap fe l ak IPE a. Pou MINEDUC pwosesis sa ap efektif a pati de ane lekòl 2017 la, yon fwa yo fi-n realize chanjman enfomatik ki nesesè pou sa.

- C. Sepandan otorite edikasyon yo dwe enfome e ankouraje fanmiy timoun yo pou yo realize pwosesis regilarizasyon migratwa yo pou yo jwenn viza etidyan kom titilè ke ministè afè etranjè ak migrasyon peyi a bay an gran nonb.
- D. Yon fwa sityasyon migratwa a fi-n ranje, nan fich dosye etidyan an, yo dwe ranplase IPE a pa RUN ke sèvis rejis sivil ak idantifikasyon ba li. Nan SIGE, chanjman sa, etablisman lekòl kote timoun nan enskri a ka fe l direkteman ou byen Rejis Pwogram etid ki koresponn lan nan ka kote etablisman pa ta ka fe l.

IV. Konsènan enklizyon eskolè

- a. Tout timoun migran ki enskri nan etablisman lekòl yo, poutet yo se etidyan regilye, yo gen menm dwa ak timoun peyi a swa nan alimantasyon, liv, pasay lekòl ak asirans lekòl.
- b. Sa pa dwe yon anpechman pou etidyan yo nan premye ane yo antre lekòl la, le yo pa gen inifòm le n konsidere nesesite fanmiy yo genyen nan premye faz etablisman yo nan peyi a.
- c. Timoun migran yo ak tout paran yo gen menm dwa pou yo patisipe nan asosyasyon paran yo (CENTRO DE PADRES) asosyasyon etidyan (CENTRO DE ALUMNOS) konsey eskolè ou byen tout lot antite ki egziste nan etablisman lekòl yo.

d. Si sa nesesè etablisman yo dwe mete pwosedi ki apwopri nan regleman evalyasyon entèn yo pou timoun migran yo ka antre piti piti nan pwosesis evalyasyon yo, espesyalman nan ka sila yo ki pa domine lang espanyol la.

Li trez enpotan pou otorite edikasyon rejion ak pwovens yo adopte epi enfome nan sistem lekòl la mezi sa yo ansanm ak lot mezi ki nesesè pou apiye enklizyon timoun ak adolesan yo ki nan etablisman lekòl yo; ke yo byen akeyi yo, ke yo jwenn api pou yo ka entegre e patisipe yon fason aktif epi ke yo rekonet karakteristik kiltirel yo, lang yo, elatriye.....

Salitasyon pou nou tout

VALENTINA KARINA QUIROGA GANAHUATE

SOU SEKRETE EDIKASYON

Distribisyon

- Sekreteri rejional ministe edikasyon	15c
- Depatman pwovens edikasyon	42c
- Kabine minis	1c
- Kabine sousekrete	1c
- Divizyon edikasyon general	1c
- Divizyon planifikasyon ak bidje	1c

- Kodinasyon nasyonal teknoloji	1c
- Biwo atansyon a sitwayen yo AYUDA MINEDUC	1c
- Divizyon jiridik	1c
- Biwo pati	1c
- Achiv	1c
- Total	66c

Dosye No “{.....} 2016